STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 16 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $500 MILYON NAN PRÈ EFC POU NOUVO PWOJÈ PON NY

Prè ak Enterè-Ba yo Pral ede EfòThruway Authority Pwoteje Plas Rivyè yo ak Fòn nan Anbouchi Hudson River a, Ede Kenbe Peyaj Pon yo ba

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke (Kòporasyon Enstalasyon Anviwònman) Environmental Facilities Corp. Eta New York la (EFC) pra l bay New York State Thruway Authority prè ak enterè-ba jiska $511.45 milyon dola pou pwoteksyon anviwonman ak pwojè restorasyon Hudson River yo ki gen rapò avèk nouvo pwojè Pon NY pou ranplase Tappan Zee a. Ansanm avèk $1.6 billion prè (Finansman Enfrastrikti Transpò ak Inovasyon) Infrastructure Financing and Innovation Act (TIFIA) ane pase ki soti nan Etazini. Depatman Transpò, prè EFC yo pral ede kenbe peyaj pon an pi ba ke posib.

Prè yo pral soti nan Fon (Dlo Pwòp EFC) EFC's Clean Water State Revolving Fund (CWSRF), ki sèvi pou depans konstriksyon ki aliyen ak estanda anviwonman an ki gen ladann sa yo ki dekri nan (Konsèvasyon Konpreyansif Anbouchi) Estuary's Comprehensive Conservation ak Plan Jesyon. Prè EFC yo prale nan pwojè anviwonman ki pral pwoteje kalite dlo ak vi martitim nan anbouchi Hudson River, enkli pwoteksyon esturjon ki prèske disparèt, kabann zwit ak lòt abita, pandan ak apre konstriksyon Nouvo Pon NY la.

"Pandan na p kontinye wè pwogrè ka p fèt nan Nouvo Pon NY la, li enpòtan pou nou pran aksyon pou pwoteje fòn nan ak abòde konsekans pwojè a genyen sou anviwonman an – men nan yon fason ki pa trò chaje kontribyab ak chofè yo," Gouvènè Cuomo te deklare. "Prè $500 milyon dola enterè ba sa a pral redwi fado finansyè mezi anviwonman nesesè sa yo, ak pèmèt Thruway Authority a kontinye ale pou pi devan avèk pwojè enpòtan sa a."

$511.45 milyon nan finansman EFC CWSRF a –gen ladann yon prè san enterè ki rive jiska $256 milyon ak yon prè ak enterè-ba ki rive jiska $256 milyon– pral ede fon Thruway Authority nan depans ki gen rapò avèk mezi anviwonman ki sevè ki te an plas pandan konstriksyon nouvo pon an ak demolisyon ansyen pon an, e avèk pwoteksyon anviwonman anbouchi a pandan tout tan pwojè a ap dire.

Prè EFC a pral anpeche ogmante peyaj pon an nan lavni nan diminye pousantaj enterè ak depans

finansman pou yon bon pòsyon nan pri pwojè a ki estime a $3.9 bilyon.

“Gouvènè Cuomo te chaje tout ajans enfrastrikti li yo pou yo kraze tout klwazon ki te anpeche kowoperasyon ak ekonomi nan tan lontan yo epi, olye de sa, ale pou pi devan ak solizyon inovatè pou finanse enfrastrikti enpòtan eta a,” te deklare Matthew Driscoll, Prezidan and Direktè EFC. “Mwen kontan ke EFC atravè (Fon Renouvlab Dlo Pwòp Eta) Clean Water State Revolving Fund a kapab pwoteje ansanm Anbouchi Hudson River a ak kenbe depans pasaje lòt machin yo byen ba.”

EFC se bra finansman nan administrasyon Gouvènè Andrew Cuomo a ki bay prè ak enterè ki ba a gouvènman lokal ak ajans dlo potab, enfrastrikti dlo sal ak lòt pwojè dlo-pwòp yo. Ane ki sot pase a, EFC te finanse prèske $2 bilyon dola nan envestisman dlo-pwòp nan tout eta a e, antan ke pi gwo operatè Fon Renouvlab Dlo Pwòp Eta) State Revolving Loan funds, EFC renome pou administre youn nan pi bon prè dlo-pwòp ki pi inovatè nan peyi a.

Ane ki sot pase a. EFC te vini premye Fon Renouvlab Dlo Pwòp nan peyi a ki finanse pwogram enèji pwòp nan sèvi avèk pouvwa prete li anba (Lwa Dlo Pwòp) Clean Water Act. Nan finanse pwojè anviwònman yo dirèkteman nan Hudson River Estuary a Eta New York pral antreprann pi gwo pwojè pwoteksyon rivyè ak pwojè amelyorasyon CSWRF a poko janm finanse. Pa janm nan 25 ane istwa CWSRF la gen yon pwojè gwosè sa a ki te egziste nan avantaj yon rivyè ki deziyen pa gouvènman federal la kòm yon valè nasyonal.

Pa gen lòt pwojè oswa demann pou finansman ki pral afekte prè EFC yo nan pwojè Pon NY la. Ane sa a, EFC sou sib la pou l finanse plis pase 100 pwojè enfrastrikti nan tout eta a avèk prè ki vo plis pase $1.3 bilyon dola.

EFC te ajoute tou dènyèman senk lòt pwojè CWSRF nan Vil New York pou yon total $92,896,872 – yon pati nan plis pase $400 milyon nan finansman CWSRF pou New York nan ane fiskal gouvènman federal aktyèl la.

Thruway Authority a espere kòmanse tire fon yo nan EFC apati mwa Out.

Pwojè Anviwonman ki gen pou finanse nan EFC ak CWSRF gen ladann yo:

- Restorasyon Marsh Piermont
- Restorasyon kabann zwit
- Pwoteksyon anba rivyè
- Tretman dlo lapli nan aterisaj yo
- Pwoteksyon bwi anba dlo(rido ti boul yo) pandan kondwi pil

- Drage aj kraze ti mòn
- Drage aj jete materyèl
- Retire ansyen pon
- Pataje chemen pou pyeton ak bisiklèt yo
- Relokalize nich Falcon peleren ki an danje
- Plan avantaj konsèvasyon Filè (Esturjon Atlantik)
- Restorasyon Kanal nan pwen Gay a

Konstriksyon nan nouvo Pon NY te kòmanse nan mwa Oktòb, 2013. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo a e avèk èd etazini Depatman Transpò (USDOT) ak lòt ajans federal, revizyon anvironman pou pwojè a te konplete nan 11 mwa sèlman, pi kout anpil pase gwo pwojè konplèks sa a. Gwo mezi ap anplas pandan tout dire pwojè a pou pwoteje anviwònman an ak pou kontwole konsekans konstwiksyon an sou kominote toupre yo.

Lè li fini, Nouvo Pon NY la pral vle di mwens konjesyon pou otomobilis yo, avèk wit vwa trafik, kat vwa pou ijans ak sistèm modèn sipèvizyon trafik. Fèt ak konstwi pou l prepare pou mas tranzit, nouvo pasaj la pral anmezi pou akomode tranzit rapid otobis, tren komèsyal oswa tren pou pasaje. Tren a doub pasaj la pral egalman gen ladan yon vwa pou bisiklèt ak pyeton.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418